

Baba vaRudo

Nyaya naMemory Chirere

Mifananidzo naKudakwashe Chuma



www.bhabhubooks.com

Copyright © 2013, Bhabhu Books. All rights reserved.

No part of this publication can be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means — electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise — without prior permission of the Publisher.

ISBN 978-0-7974-5517-7

Printed in Harare, Zimbabwe

Amai vaRudo vaifunga kuti baba VaRudo munhu akanaka.

Baba vaRudo vaigerwa bhibho refu. Vaipfeka hembe chena netirauzi dema nemanyatera zvakanaka. Baba vaRudo vaida mhuri yavo. Kana vakafara, vaisimudza Rudo vomukanda mudenga vachimugamha, vachimukanda vachimugamha.

Rudo aifara achiti, "Ye-e-e!" Aibva aona kunge denga raive pedyo. Rudo aida kuzove mutyairi wendege.

Baba vaRudo vaizogadzika Rudo pasi. Vaitora Kuda, hanzvadzi yaRudo vomukandawo mudenga vachimugamha. Kuda aida kuzoita chiremba kana akura. Zvemumhepo zvaisamufadza zvakananyanya.



Baba vaRudo vaizitora amai vaRudo vovakanda mudenga vovagamha zvakare. Wainzwa amai vaRudo vachiti, “Zvakwana imi baba vaRudo. Ndiri kutya kudonha. Ndakambodonha kubva mumuti ndichiri mwana mudiki.”

Baba vaRudo vaifarirawo kuridza muridzo vachiimba vachichovha bhasikoro ravo kana vachienda kwavanenge vafunga.

Asi rimwe gore kwakaita nzara. Mvura yainge isina kunaya zvakakwana. Chibage chose chakange chatsva chichiri chidiki. Saka hupfu hwekubikisa sadza kwainge kusina. Nyangwe vaive nahwo vaibika sadza kamwe chete pazuva. Vamwe vaisanganisa hupfu nedota pakubika sadza kuti sadza riwande.

Pachikoro paidzidza Rudo mumwe mwana akatofa nenzara sekutamba. Mwana wechikoro uyu ainge ati, “Ticha, ndine nzara.”

Ticha vachibva vati, “Enda kumba kwangu unopihwa sadza ranga riri rangu navadzimai vangu.”

Mwana uya akasvika kumba kwaticha akati, “Ndanzi naticha mundipe sadza ramange mavasiira.”

Mudzimai waticha haana kuita nharo. Asi akati, “Chimbogara muno mumba nditange ndaenda kuchibhorani kunochera mvura ndozodzoka ndokupa sadza.”

Mwana akati, “Zvakanakai.”

Mudzimai waticha zvaakadzoka nemvura kubva kuchibhorani, akawana mwana uya asipo. Akadongorera panze achifunga kuti abuda asi haana waakaona. Akangofunga kuti hamheno kwaaenda.

Ave mangwana ezuva rakatevera, ticha nemudzimai wavo vakanzwa chinhu chainhuhwa mumba mavo. Vakatarisa kwese-kwese ndokushaya chinhu chainhuwa. Pavakazotarisa pasi pemubhedha, vakaona mwana uya aripo, akafa!

Saka nzara yacho gore iroro yaityisa. Pane mumwe musha vamwe amai vainge vachinwa tii nemafetikuku munhu ndokubva ati, “Gogogoi pano!”

Amai vaye vakatya kudzirwa mafetikuku avo nemuenzi. Vakakasika kutora mafetikuku ndokuisa mukati medhirezi vachiti, “Pindai!” Ipapo vakabva vatsva zvidya zvese nemafetikuku ndokuzhamba. Vakatozoono kuti muenzi aive mwana wehanzvadzi yavo. Vakatozoponera kuchipatara. Nanhasi vave kutonzi Mai Mafetikuku. Asi ukavadana nezita iroro havadavire.

Baba vaRudo vaiziva zvese izvozvi zvakanga zvichiitika nekuda kwenzara. Nguva zhinji vaiti, “Amayi Rudo, regai ndinoshandira vane chibage nehupfu.” Vaibva vasimuka vofamba zvishoma nezvishoma vachitya kufenda. Vaidzoka

kumba vave nehupfu huri musaga nguva dzose. Amai vaRudo vaibvunza kuti, "Mahuwana kupiko hupfu uhwu?"

Baba vaRudo voti, "Inga ndati ndiri kunoshandira vane chibage?" Vaibva vasimudza Rudo vomukanda mudenga vachimugamha, vachimukanda vachimugamha.

Mumwe musi vakauya nehupfu huri musaga rakasungwa newaya. Mumwe musi vakauya nehupfu huri



musaga rakasungwa netambo dzebhutsu. Mumwe musi vakauya nehupfu huri musaga rakasungwa nedhuku.

Amai vaRudo vaibva vabika sadza kana bota vodya naRudo, naKuda naivo baba vaRudo. Vapedza kudya vaisuka mapoto nendiro votanga kuita ngano. Vana vavo

vaifarira kuti vavaudze ngano yehuku nevana vayo. Amai vaRudo vaiti:

Paivepo huku nevana vayo. Huku yaiudza vana vayo kuti vasaende pedyo netsime nekuti vangazodyiwa nechinhu chinogara mutsime. Asi vana vehuku vaidakuziva kuti chinhu chacho chaive mutsime chii. Asi amai vava vakazivisa vana kuti mutsime maive nechinhu chisingataurike zita. Vana vaizoziva chinhu ichi kana vakura.

Rimwe zuva huku yakafamba kuenda kure. Vana vayo vakaswedera pedyo netsime ndokudongorera. Vakaona vamwe vana vehuku vaidongorerawo. Vana vehuku vakashevedzera, 'Huyai titambe!' vana vehuku vaive mutsime vakashevedzerawo vachiti, 'Huyai titambee-ee!' vana vehuku vakafara ndokuti svetu vachidzika mutsime ndokuwira mumvura vachibva vafa.

Rudo naKuda vaifarira rungano urwu. Amai vavo vaiti, "Izvi zvinoreva kuti imi vana itai zvamunenge maudzwa nevabereki."

Baba vaRudo vaitsvaga hupfu neshamwari yavo yainzi baba vaFarai. Murume uyu aigara pamhiri perwizi. Baba vaFarai vaive murume mutete chaizvo zvekuti mhupo ikavhuvhuta vaitobata uswa nemiti kuti vasatakurwe. Baba vaFarai vaipfeka hembe tsvuku netirauzi dzvuku.

Rimwe zuva mumba mainge musina hupfu. Nzara

yakaruma. Baba vaRudo vakadzoka vasina hupfu. Zuva rechipiri vakadzokazve vasina hupfu. Rudo naKuda vakatanga kuchema nenzara.

Amai vaRudo vakati, “Baba vevana, regai ndikubatsirei kutsvaga hupfu. Endai nekoko ini ndiende nekoko. Tozosangana pano manheru. Rudo naKuda, sarai zvakana. Musarovane.”

Vakabva vati baba VaRudo kwavo, amai vaRudo kwavo.

Amai vaRudo vakandotora amai vaFarai kuti vandotsvaga hupfu pamwe chete sezvaiita baba vaRudo nababa vaFarai.

Vakatanga kuimba zvavo vachienda. Vaiimba ivo vaine nzara. Vakakwidza ndokudzika, ndokukwidza ndokudzika. Vakasvika pamusha paTererini. Vakati, “Tiri kutsvagawo basa kuti tiwane mari yokutenga hupfu.”

Zvikanzi naTererini, “Hapana basa pano. Endai zvenyu.”

Vakabva, vakafamba, vakafamba, vakasvika pamusha waKono vakabva ipapo vachitiza nokuti zimbwa repo rakahukura zvinotyisa.

Vakaramba vachienda kudakara vawana basa rekuita zvidhina. Vapedza vakapihwa chibage ndokusunga zvitsapo zvavo zviriri ndokunogaisa paMagaisa. Vainge vave nehupfu. Vakafara zvikuru.



Vakambozorora ndokuzotakura zvitsapo zvavo zvehupfu vachifara. Hupfu hwakanaka. Kana huripo, vanhu havafe nenzara. Munogona kubika sadza. Munogona kubika bota. Munogona kubika chingwa kana maheu. Vana vanodya vofara vokanganwa kuti igore renzara.

Zuva roda kun'yura, mai vaRudo namai vaFarai vakatanga kufamba vachienda kumba. Vati fambe-fambe vakadarika nepamupata wegomo Tsengurwe. Nzvimbo iyi yaityisa zvikuru. Kare kwazvo ipapa ndipo painge paurairwa mumwe murume achibva abviswa sutu yaainge akapfeka. Ipapa ndipozve painge panyangarikira mombe dzaRubheni dzichidhonza chikochikari. Chikochikari nemombe hazvina

kuzoonekwa zvakare.

Vachifamba kudaro panzvimbo iyoyo, amai vaRudo naamai vaFarai vakanzwa kuridzwa muridzo nechekumusoro kwegomo kuti, "Tsviyo! Tsviyo-o!"

Amai vaFarai vakati kuna amai vaRudo, "Chiiko chiri kudaro? Machinzwawo here?"

Amai vaRudo vasati vapindura, vose vakanzwa zvakare, "Tsviyo-o-o-o-o!"

Vakatarisa mugomo, amai vaRudo ndokuti, "Maihwe-e! Vasikana, tapera."

Vakaona varume vaviri, mukobvu nemutete vasina



kupfeka, vachidzika vachimhanya vakananga kwavari vachiti, "Tsviyo-o-o!" Kumeso kwavo kwaisanyatsooneka zvakanaka nekuti kwaive kwakacheneruka zvese nemaoko kunge vakazora dota kana mavhu.

Vakadzi vakakanda zvitsapo pasi ndokumhanya. Vakatiza vachisiya zvitsapo zvehupfu. Chitsapo chaamai vaFarai chainge chakasungwa nekamucheka katsvuku. Chaamai vaRudo chaive chakasungwa nekamucheka katema.

Vakatiza vachichema vachishevedzera dakara vasvika kudzimba dzavo.

Amai vaRudo vakasvikowira pachivanze ndokuti ziro vakadaro. Rudo naKuda vakaona kuti amai vavo vainge vadzoka vasina hupfu. Vakapfugama pana amai vavo ndokutanga kunamata vakasimudza maoko vakatarisa kudenga kuna Mwari. Vakanamata, ndokunamata, ndokunamata kusvikira amai vavo vamuka.

"Ngatipindei mumba vanangu ndikuudzei zvaitika kwandabva." Vakabva vapinda mumba ndokugara pabhenji. Mainge musina moto nokuti painge pasina kana chekubika.

Vasati vatanga kutaura nyaya yavo, amai vaRudo vakabvunza vana vavo kuti, "Ko, baba venyu havasati vauya?"

Asi Rudo naKuda vasati vapindura, baba vaRudo vakanzwikwa vachiti, "Gogogoi pano."

Mhuri yavo yakati, "Ehoi."

Baba vaRudo vakapinda ndokuti, "Fembera-fembera kuti ndauya nei?"

Amai vaRudo vakati, "Mauya nechingwa."

Baba vaRudo vakazunza musoro vachiti, "Aiwa, matadza."

Kuda akati, "Mauya nenyama."

Baba vaRudo vakati, "Aiwa, watadza."

Rudo akati, "Mauya nehuni."

Baba vaRudo vakati, "Aiwa, watadza."

Vose vakati, "Zvino chiiko nhai, Samanyanga?"

Baba vaRudo vakabva vaenda panze. Vakamboti zi-i varipo. Pave paye vakazvuzvurudza saga ndokupinda



muchivanze. “Hupfu, ndauya nehupfu!” Baba vaRudo vainyemwerera.

“Ndanotema magobo, ndokupihwa chibage ndokundogaisa,” baba vaRudo vakadararo.

Amai vaRudo vakaona chisaga chakasungwa kumuromo nemucheka mutema vakabva vaziva kuti chisaga chavo! Vakaridza mhere.

Baba vaRudo vakati, “A, zvaita sei? Munochemei isu tave nehupfu?”

“Ungadzike mugomo usina kupfeka here murume wangu? Saka ndiro basa rauri kuita rekubira vanhu hupfu usina kupfeka mazuva ose?”

Baba vaRudo vakangoti dhugu panze ndokutiza vachienda. Nanhasi havasati vawanikwa. Mukaona munhu ane hembe chena netirauzi dema nebhobho nemanjatera muzive kuti ndibaba vaRudo naKuda. Muchenjere!